

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

HAITIAN CREOLE EDITION
SCIENCE-GRADE 8
INTERMEDIATE LEVEL
WRITTEN TEST

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

JEN 2004

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Egzamen sa a la pou li evalye konesans ou an syans. Egzamen sa a gen de (2) pati. Toulède pati sa yo nan ti liv sa a.

Premye Pati a gen 45 kesyon ochwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Itilize yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen 33 kesyon san chwa. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas yo bay pou sa nan ti liv la.

Ou kab itilize yon kalkilatri pou w reponn kesyon egzamen an si ou vle.

W ap gen dezèdtan pou w reponn kesyon ki nan egzamen an.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN.

Premye Pati

ESPLIKASYON

Gen 45 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons ki gen nimewo 1 – 4. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a.

Li egzanzp ki la a:

Egzanzp

Latè resevwa pifò pati nan limyè l nan

- (1) etwal yo
- (2) Solèy la
- (3) Lalin nan
- (4) lòt planèt yo

Repons ki kòrèk la se **Solèy la**, ki se repons nimewo **2**. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanzp lan. Kòm se chwa nimewo **2** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanzp lan, se ti sèk ki gen nimewo **2** aki nwasi.

Reponn tout kesyon nan Premye Pati menm jan an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w ta vle chanje repons ou a, efase premye ti sèk ou te nwasi a byen efase, epi nwasi ti sèk ou vle kòm repons lan.

Ou p ap bezwen fèy bouyon. Ou kab sèvi ak paj ti liv sa a kòm bouyon.

Ou kab sèvi ak yon kalkilatris, si w ta bezwen youn.

Lè yo di w kòmanse, vire paj la epi kòmanse ak kesyon nimewo 1. Fè anpil atansyon epi reponn tout kesyon ki nan Premye Pati a.

Lè w ta fini Premye Pati a, al nan Dezyèm Pati a toudwat. Reponn tout kesyon ki nan Dezyèm Pati a.

Premye Pati


1 Yo jwenn bagay ki pi ba la yo nan yon saldeklas pou syans.

- yon kè an plastik ki gen non chak pati yo ekri sou yo
- yon moso ajil yo bay fòm Latè ak lòt planèt
- yon gwo selil plant an plastik ki pèmèt yo demonte diferan pati selil yo

Tout bagay sa yo se egzanp

- | | |
|---------------|-------------|
| (1) modèl | (3) varyab |
| (2) esperyans | (4) kontwòl |

2 Kilès, nan òganis ki pi ba la yo, ki genyen yon sèl selil?



Pye bwapen Amib Djondjon Vè tè

(Imaj sa yo pa fèt dapre pwopòsyon)

- | | |
|----------------|--------------|
| (1) pye bwapen | (3) djondjon |
| (2) amib | (4) vè tè |

3 Kisa ki fonksyon prensipal sistèm sikilasyon san an?

- | | |
|---------------------|---------------------|
| (1) pwodwi anzim | (3) pwodwi òmonn |
| (2) dijere pwoteyin | (4) transpòte matyè |


4 Sa ki lakòz maladi moun pran nan enfeksyon yo se

- (1) alèji
- (2) defisyans nan vitamin
- (3) pwodwi chimik ki koule
- (4) mikwòb

5 Si yon espès pa kapab repwodwi tèt li ankò, li pral

- (1) adapte ak anviwonman li
- (2) vin iminize kont maladi
- (3) disparèt
- (4) peple pi plis


6 Dyagram ki pi ba la a se yon pòtre agrandi ki reprezante yon pòch lè nan poumon yon moun. Flèch blan yo montre nan ki direksyon san an sikile.



Ki de (2) sistèm kap ajri youn sou lòt nan dyagram sa a?

- (1) sistèm zo ak sistèm miskilè
- (2) sistèm nève ak sistèm andokrinyen
- (3) sistèm repwodiktif ak sistèm dijestif
- (4) sistèm respiratwa ak sistèm sikilasyon san

7 Dyagram pi ba la a reprezante yon grenn pwa yo koupe an de (2) moso egal pou montre diferan estrikti ki ladan yo.




Kilès nan lèt sa yo ki reprezante eleman nitritif ki nan grenn lan ki pral sèvi nan premye etap devlopman plant lan?

- | | |
|-------|-------|
| (1) A | (3) C |
| (2) B | (4) D |

Baze repons ou pou kesyon 8 ak 9 sou desen ki montre pat zwazo yo ak sou kle dikotimik ki pi ba la a.

Kle pou Idantifye Zwazo yo		
Kouplè	Deskripsyon	
1a	Zòtèy palme	ale nan 2
1b	Zòtèy ki pa palme	ale nan 3
2a	Kat zòtèy yo palme	pengwen
2b	Twa zòtèy ki palme	kanna
3a	Grif koube	ale nan 4
3b	Grif pa koube	jakana
4a	Grif yo gwo	malfini
4b	Grif yo piti	grangozye







8 Idantifikasyon kòrèk pou Zwazo B a se

- (1) yon pengwen
- (2) yon kanna
- (3) yon malfini
- (4) yon jakana


9 Ki karakteristik ni malfini a ni grangozye a genyen ki menm?

- (1) grif yo gwo
- (2) grif yo koube
- (3) yo gen twa zòtèy ki palme
- (4) yo gen kat zòtèy ki palme

10 Kilès nan grafik sa yo ki reprezante pi byen relasyon ant kantite polisyon ki nan lè a ak kalite lè a?



- 11 Je kòkou ak je lapen ki nan dyagram ki pi ba la a bay chak bèt sa yo yon avantaj diferan. Je kòkou a, ki sou devan figi 1, pèmèt zwazo a evalye distans yo byen lè lap fonsse sou yon bagay li vle pran. Je lapen an, ki sou kote figi 1, pèmèt li detekte mouvman agresè ki kapab vin dèyè l.




Kalite espesyalizasyon sa a ki nan jè bèt sa yo, se yon egzanp

- (1) pwoblèm nan ekilib natirèl la
 - (2) ki montre jan tout sa kap viv depann youn sou lòt
 - (3) adaptasyon pou prezève lavi nan kèk kondisyon espesyal
 - (4) reyaksyon envolonètè yon estimilis kapab lakòz
- 12 Ki maladi ki se konsekans yon divizyon selilè anòmal?
- | | |
|-----------|--------------------------|
| (1) sida | (3) saranpyon (lawoujòl) |
| (2) kansè | (4) rim sèvo |
- 13 Yon chanjman nan anviwonman an ki lakòz yon reyaksyon rele yon
- | | |
|---------------|-------------|
| (1) estimilis | (3) reflèks |
| (2) abitud | (4) sous |
- 14 Yo mezire enèji manje yo pwodwi a avèk yon inite ki rele
- | | |
|------------|-----------|
| (1) wat | (3) degre |
| (2) kalori | (4) liv |

- 15 An menm tan kantite ti pwason ki nan yon lak ap bese, gwo pwason yo, ki bezwen ti pwason sa yo kòm manje pou yo kapab viv, pral
- (1) fè pitit pi vit
 - (2) koumanse pwodwi pwòp manje yo
 - (3) bese nan kantite yo
 - (4) monte nan kantite yo


- 16 Dyagram ki pi ba la a montre yon etidyan kap prepare yon lamèl pou mikwoskòp.



Poukisa etidyan an dwe veye pou kouv-objè a an kontak ak gout dlo a anvan li depoze kouv-objè a sou lamèl la?

- (1) pou ogmante evaporasyon an
 - (2) pou redwi bil lè yo
 - (3) pou netwaye lamèl la
 - (4) pou anpeche kouv-objè a kase
- 17 Baraj pou kastò yo kapab lakòz inondasyon.
- Remak sa a montre
- (1) kondisyon anviwonman yo aji sou kwasans bèt yo
 - (2) konpòtman bèt yo kapab aji sou anviwonman an
 - (3) sante yon bèt depann sou anviwonman l
 - (4) devlopman yon bèt depann sou anviwonman l

Baze repons ou pou kesyon 18 ak 19 sou dyagram ki pi ba la a. Dyagram la montre pitit yon sourit blanch ak yon sourit gri. Tout pitit yo gri.




18 Kilès nan sa yo ki yon konbinezon jenetik ki kòrèk pou papa ak manman ki nan dyagram lan?

- (1) $GG \times GG$ (2) $gg \times gg$ (3) $gg \times GG$ (4) $Gg \times Gg$

19 Si de (2) sourit gri (Gg) kwaze, ki pousantaj nan pitit yo ki pral gen fouri tou blan?

- (1) 25% (2) 50% (3) 75% (4) 100%


20 Dyagram ki pi ba la yo montre ki kalite vejetasyon ki te genyen nan yon menm kote nan diferan epòk pandan yon peryòd 200 an, apre dife te pran nan yon forè.



Kisa ki montre sekans kòrèk kalite vejetasyon sa yo apre dife te pran nan forè a?

- (1) $B \rightarrow A \rightarrow D \rightarrow C$ (2) $B \rightarrow C \rightarrow D \rightarrow A$ (3) $B \rightarrow D \rightarrow C \rightarrow A$ (4) $B \rightarrow A \rightarrow C \rightarrow D$

Baze repons ou pou kesyon 21 ak 22 sou dyagram ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans. Dyagram ki pi ba la a montre kèk nan rapò ki kapab genyen ant plizyè eleman nan lanati.




21 Kilès nan remak sa yo ki esplike rapò yo montre yo pi byen?

- (1) Apre yon tan pase, dlo a tounen yon resous ki pa renouvlab.
- (2) Gen yon echanj matyè ki fèt ant tout bagay ki vivan ak anviwonman yo.
- (3) Mineral yo resikle tout bagay ki mouri nan anviwonman an.
- (4) Bagay ki vivan yo pwodwi lòt bagay ki vivan.

22 Ki pwosesis ki pwodwi oksijenn ki antre nan atmosfè a?

- | | |
|-----------------|----------------|
| (1) respirasyon | (3) eskresyon |
| (2) lokomosyon | (4) fotosentèz |
-


23 Kat metewolojik ki pi ba la a montre pozisyon yon mas lè ki tyèd ak yon mas lè ki frèt sou tèt yon pati nan Amerik Dinò a.



Liy ki gen chif nan kat metewolojik la konekte kote ki gen menm

- (1) direksyon van an soufle
- (2) vitès van an soufle
- (3) tanperati lè a
- (4) presyon lè a


24 Kilès nan grafik yo ki reprezante pi byen distans relatif ant patikil ki nan pifò sibstans yo nan eta yo kòm solid, likid, ak gaz?



25 Ki modèl syantifik ki ta kapab sèvi pou predi pwopriyete yon eleman?

- (1) sistèm bouk fèmen
- (2) kare Punnett
- (3) tablo peryodik
- (4) tablo etap idwolik

Baze repons ou pou kesyon 26 pou rive 28 sou tablo ki pi ba la a, ki montre plizyè enfòmasyon yo ranmase ak prediksyon yo fè pou Albany, New York, pou 9 mas 2001.


Korije: 05:51 DIMATEN EST, 9 mas 2001	
Obsèvasyon ki fèt nan	Albany, New York
Tanperati	34°F
Endis refwadisman	26°F
Imidite	81%
Pwen kondansasyon	28°F
Van nan direksyon	SE vitès 7 mil alè
Presyon	29.88 pous
Kondisyon	Syèl kouvri
Vizibilite	10 mil
Nyaj ki	Kouvri syèl la (OVC): 1800 pye
Lè Solèy leve	6:17 DIMATEN (EST)
Lè Solèy kouche	5:51 APREMIDI (EST)
Lè Lalin leve	6:02 DISWA (EST)
Lè Lalin kouche	6:37 DIMATEN (EST)
Faz Lalin	
	9 mas 16 mas 25 mas

Sous: www.accuweather.com (adapte)

26 Tablo a gen enfòmasyon sou faz Lalin, lè Solèy kouche ak leve, epi

- (1) varyasyon nan klima
- (2) kondisyon lokal tan an
- (3) chanjman nan sezon yo
- (4) rechofman planèt la

27 Kilès nan dyagram sa yo ki montre pozisyon kòrèk Lalin pa rapò ak Latè a, nan dat 9 mas 2001?



(1)



(2)




(3)



(4)

(Imaj sa a pa fèt dapre pwopòsyon)

28 Kilès nan kadran sa yo ki montre enfòmasyon kòrèk sou presyon lè a pou Albany, New York, nan dat sa a ak nan lè sa a?




(1)

(2)

(3)

(4)

29 Dyagram pi ba la a montre de (2) blòk kap kenbe yon boul nan plas li. Yo montre dyamèt (lajè) boul la ant de (2) blòk yo.




(Imaj sa yo pa fèt dapre pwopòsyon)

Kisa ki dyamèt boul la?

- (1) 6.0 santimèt
- (2) 8.0 santimèt
- (3) 14.0 santimèt
- (4) 17.0 santimèt

30 Dyagram pi ba la a montre kouman Latè parèt lè yon moun nan lespas ap gade l.



Ki sezon ki genyen kounye a nan Emisfè Nò a?

- (1) ete
- (2) otòn
- (3) ivè
- (4) prentan

31 Ou kapab wè pwopriyete chimik yon mineral si mineral la

- (1) kase fasil lè w frape l ak yon mato
- (2) fè bil lè yo vide asid sou li
- (3) fasil pou w fè yon mak sou li ak zong ou
- (4) reflete limyè ki frape sou sifas li


32 Liy fonse ki sou kat ki pi ba la a montre Separasyon Sann Andreas la.




Separasyon Sann Andreas la se rezilta

- (1) twòp moun ki genyen nan kote a
- (2) yon glasye ki pi gwo
- (3) dezagregasyon ak ewozyon
- (4) mouvman plak tektonik

33 Yo montre kat chato sab ki pi ba la a epi ki sanble tankou gout dlo. Kilès nan chato sab sa yo ki pral pi vit sibi ewozyon van an ap lakòz?




34 Dyagram pi ba la a montre yon gwo wòch kap degrengole yon pant pou desann nan yon vale, epi pou monte pant ki anfas la.



Nan ki pozisyon gwo wòch la gen enèji dinamik ki pi fò a?

- (1) A (2) B (3) C (4) D

Baze repons ou yo pou kesyon 35 ak 36 sou grafik pi ba la a, ki montre solibilite (kantite ki pral fonn nan 100 gram dlo) twa sibstans nan diferan tanperati dlo a.



35 Kilès nan remak sa yo ki se yon entèpretasyon kòrèk pou enfòmasyon ki nan grafik la?

- (1) An mezi tanperati dlo a ap monte, solibilite a ap bese.
 (2) An mezi tanperati dlo a ap monte, solibilite a ap monte.
 (3) Lè tanperati dlo a monte, solibilite a monte epi li bese.
 (4) Lè tanperati dlo a monte, solibilite a bese epi li monte.


36 Lè tanperati dlo a sòti nan 30°C pou monte rive 70°C, konbyen gram an plis nan sibstans A ki pral fonn nan 100 gram dlo?

- (1) 20 g (2) 40 g (3) 50 g (4) 90 g

37 Pou ankouraje konsèvasyon enèji, administratè vil la kapab

- (1) bese pri pou pakin
 (2) bati pi gwo kote pou pakin
 (3) bese pri gazolin
 (4) bese pri pou transpò nan otobis ak nan metwo


38 Dyagram pi ba la a montre yon reyon limyè.



Nan dyagram sa a, reyon limyè a ap

- (1) transmèt
- (2) absòbe
- (3) reflete
- (4) refrakte

39 Nan pòtre pi ba la a, genyen yon klòch kap sonnen andedan yon bokal ki pa gen lè ladan l.




An mezi yap rale lè a sòti nan bokal la, nivo son klòch kap sonnen an ap bese jouktan yo pa kapab tande l ankò. Rezon ki fè sa rive, se paske dwe gen lè nan bokal la pou pèmèt

- (1) transfere son an
- (2) elekrisite pase nan fil yo
- (3) kawoutchou a fè bokal la etanch
- (4) batan klòch la vibre

40 Kilès nan de (2) faktè sa yo ki detèminen atraksyon gravitasyonèl ant de (2) bagay?

- (1) tan ak tanperati
- (2) fòm ak vitès òbital
- (3) koulè ak fèmte
- (4) mas yo ak distans ki separe yo


41 Nan dyagram pi ba la a, genyen yon moulinèt kap vire anlè yon bouji ki limen. Flèch la montre direksyon lè a ap deplase.



Ki kalite transfòmasyon enèji dyagram sa a montre pi byen?

- (1) chalè an enèji mekanik
- (2) enèji mekanik an limyè
- (3) enèji sonò an chalè
- (4) chalè an enèji sonò


42 Dyagram pi ba la a reprezante kat eleman ansanm ak òbit yo arebò Solèy la, jan yo parèt pou yon moun ki nan lesplas.



Kilès nan remak sa yo ki vre sou tout bagay yo montre nan dyagram lan?

- (1) Yo pwodwi pwòp limyè yo.
- (2) Se nan sistèm solè nou an yo ye.
- (3) Sa ki genyen plis ladan yo se gaz.
- (4) Gen menm distans lan ant chak nan yo ak Solèy la.

Baze repons ou pou kesyon 43 ak 44 sou dyagram ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans. Dyagram yo montre dlo likid kap tounen vapè nan kat sikonstans diferan.



(Imaj sa a pa fèt dapre pwopòsyon)


43 Kilès nan obsèvasyon sa yo ki ta yon siy ki montre dlo a ap pase nan yon etap pou l chanje?

- (1) Vag ap fòme sou sifas lak la.
- (2) Dlo a ap antre nan sab mouye a.
- (3) Dlo a ap vole pou sòti nan pisin lan.
- (4) Nivo dlo nan vè a ap bese.

44 Kouman enèji ki sòti nan chalè transfere nan dlo likid ki nan lak la?

- | | |
|-----------------------------|-----------------------|
| (1) fòmasyon eleman konpoze | (3) reyaksyon chimik |
| (2) kouran konveksyon | (4) reyaksyon nikleyè |

45 Nan desen pi ba la a, gen yon moun kap sèvi ak yon règ epi yon kreyon pou leve yon liv.




Egzanp ki kalite machin senp ki ilistre nan desen sa a?

- | | |
|--------------|------------|
| (1) angrenaj | (3) balans |
| (2) pouli | (4) leve |

Dezyèm Pati

Esplikasyon (46–78): Make repons ou yo nan espas ki rezève pou sa nan ti liv egzamen an.

Baze repons ou pou kesyon 46 ak 47 sou grafik ki pi ba la a. Grafik la montre rezilta yon esperyans kote yo fè yon tès pou gade kouman tan ki pase aji sou yon plant kap grandi. Gen yon etidyan ki mezire wotè plizyè plant pandan dis semenn pou kalkile wotè mwayenn yo. Rezilta yo parèt nan grafik ki pi ba la a.




46 Idantifye yon varyab ki ta dwe rete menm jan pandan esperyans sa a. [1]

47 Dapre grafik la, ki wotè mwayenn plant yo pral ye nan 11yèm semenn lan, si yo kontinye grandi menm jan yo grandi ant 8yèm ak 10yèm semenn lan? [1]

_____ santimèt

Baze repons ou pou kesyon 48 pou rive 50 sou chenn alimentè pasyèl ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.



(Imaj sa a pa fèt dapre pwopòsyon)

48 Kisa ki fè konpòtman alimentè sourit yo pa menm ak konpòtman alimentè lòt eleman ki nan chenn alimentè sa a? [1]

49 Esplike remak sa a: Yo kapab wè enèji ki sèvi pou tout eleman nan chenn alimentè sa a sòti nan Solèy la. [1]


50 Bay egzanp yon kanivò, yon pwodiktè, ak yon èbivò ki parèt nan chenn alimentè sa a. [3]

Kanivò: _____

Pwodiktè: _____

Èbivò: _____


51 Dyagram ki pi ba la a montre etap nan lavi yon chwal bwa ak yon papiyon.



(Imaj sa yo pa fèt dapre pwopòsyon)

Dekri yon diferans ki genyen ant etap nan devlopman yon chwal bwa ak etap nan devlopman yon papiyon dapre dyagram yo. [1]


Baze repons ou pou kesyon 52 ak 53 sou pwosedi laboratwa ki dekri pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.



52 Esplike poukisa ti rat la te sòti menm jan ak manman l. [1]

53 Gen yon lòt femèl rat nan laboratwa ki akouche plizyè ti rat apre yo fekonde l ak espèm. Esplike poukisa ti rat sa yo *pa* sòti menm jan ak manman an jenetikman. [1]

54 Nan dyagram pi ba la a, yo reprezante plizyè ògàn nan sistèm dijesyon moun.




Esplike *de* (2) jan manje a transfòme pandan lap pase nan sistèm dijesyon an. [2]

- (1) _____

- (2) _____


55 Nan dyagram pi ba la a, gen yon pye pwa.



Pou konplete tablo pi ba la a, idantifye *twa* pati ki make ak lèt *A*, *B*, ak *C* yo. Idantifye yon fonksyon pou chak pati. [3]

Lèt	Pati nan plant lan	Fonksyon pati sa a
A		
B		
C		

Baze repons ou pou kesyon 56 ak 57 sou dyagram ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans. Dyagram la montre yon selil ki gen non kèk nan pati fondamantal li yo ki ekri.



56 Idantifye *de* (2) pati ki gen non yo ekri nan dyagram la, ki fè konnen se selil yon plant sa a ye, san se pa gwo vakyòl la. [1]

(1) _____

(2) _____

57 Ki eleman ereditè nan nwayo selil la ki dwe transmèt karakteristik li yo bay jenerasyon apre a? [1]

Baze repons ou pou kesyon 58 pou rive 60 sou enfòmasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.

Youn nan kondisyon anpil òganis dwe reyalize, se kenbe menm tanperati a nan kò yo tout tan kèlkeswa tanperati nan kote yo ye a. Kapasite sa a enpòtan pou òganis yo kontinye viv. Òganis sa yo gen plizyè pati diferan nan kò yo, ak plizyè mwayen yo konn sèvi pou kenbe menm tanperati a nan kò yo.

58 Balèn yo gen yon pi gwo kouch andwi (grès) anba po yo. Kouman kouch andwi sa a ede balèn yo kenbe menm tanperati a nan kò yo? [1]

59 Moun swe lè yo anba yon solèy ki cho. Kouman swe a ede moun kenbe menm tanperati a nan kò yo? [1]

60 Rena ki rete nan diferan kote sou planèt la gen zòrèy ki pa menm gwo ak lòt rena yo. Rena nan zòn atik la, ki nan klima frèt, gen ti zòrèy. Rena nan dezè yo, ki rete nan klima cho, gen gwo zòrèy. Kouman gwo zòrèy yo fè ede rena sa yo kenbe menm tanperati a nan kò yo? [1]

Baze repons ou pou kesyon 61 pou rive 63 sou enfòmasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.


Gen you elèv ki dekouvri lè li souke yon bokal ki gen sab, sa fè tanperati sab la monte.
Aprè sa, elèv la fè yon lòt esperyans pou wè si lè li souke yon bokal ki gen ti wòch, si sa ta fè tanperati ti wòch yo monte.

61 Esplike poukisa lè li souke sab la, sa fè tanperati l monte. [1]

62 Ekri yon ipotèz pou nouvo esperyans lan. [1]

63 Idantifye varyab depandan an (sa ki reponn lan) nan nouvo esperyans lan. [1]


Baze repons ou pou kesyon 64 ak 65 sou kat pasyèl Eta Wyoming ki pi ba la a. Yo montre kote Casper ak Rawlins ye, nan Wyoming.



64 Esplike poukisa nan Casper, Wyoming, Solèy la leve 4 minit anvan li leve nan Rawlins, Wyoming. [1]

65 Nan kat ki pi wo la a, mete yon **X** pou montre kote Medicine Bow ye, nan Wyoming, (42° N, 106° W). [1]


66 Nan dyagram ki pi ba la a , gen twa moso leman. Nan leman A a, yo mete lèt S ak N pou montre pòl sid ak pòl nò. Liy ki ant moso leman yo montre kouman poud fè a aliye lè yo simen l bò kote leman yo.



a Sou leman yo montre yo, ekri yon S nan chak sèk ki se yon pòl sid, ak yon N nan chak sèk ki se yon pòl nò. [1]

b Di ki rezonman syantifik ou fè pou mete lèt yo sou leman yo. [1]


Baze repons ou pou kesyon 67 ak 68 sou kat ki pi ba la a, ki montre pwofondè dlo a an mètr, pou yon pati nan Gòlf Meksik la ki nan zòn Galveston, nan Texas.



67 Yon izogram se yon liy ki konekte plizyè pwen ki gen menm valè. Trase sou kat la yon izogram pou tout pwen 15 mètr pwofondè nan Gòlf Meksik la dapre kat la. Izogram 15 mètr la dwe sòti depi nan pwen A pou rive nan pwen B. Pwen sa yo ansèkle sou kat la. [1]

68 Esplike poukisa litoral ki bay sou gòlf la, nan Il Galveston ak Prèskil Bolivar, gen yon kontou ki pi regilye pase litoral ki bay sou andedan an. [1]

Baze repons ou pou kesyon 69 pou rive 72 sou ilustrasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans. Ilistrasyon sa a montre plizyè kalite aktivite kap fèt pandan yon jou ki gen bèl solèy.



69 Kisa ki premye sous enèji pou tout aktivite sa yo? [1]

70 Idantifye yon aktivite nan dyagram la ki mande sèvi ak konbistib fosil. [1]


71 Idantifye yon resous renouvlab ki nan dyagram lan. [1]

72 Gen yon transfòmasyon enèji ki rive lè yon fòm enèji tounen yon lòt fòm enèji. Nan espas ki pi ba la a, dekri yon transfòmasyon enèji ki rive lè timoun ap jwe bisbòl. [1]

_____ chanje an _____

Baze repons ou pou kesyon 73 rive 75 sou enfòmasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.

Yo mete kèk moso aliminyòm ki menm gwosè nan tib pou tès ki genyen ladan yo menm kantite asid la, nan tanperati ki pa menm. Tanperati asid ki nan tib pou tès A a se 5°C . Tanperati asid ki nan tib pou tès B a se 20°C .



73 Ki obsèvasyon ki ta fè konnen gen yon reyaksyon chimik kap rive nan tib pou tès yo? [1]

74 Ki konsekans tanperati asid la genyen pou vitès reyaksyon an ap fèt? [1]

75 Idantifye *de* (2) aksyon etidyan an ta kapab pran pou ogmante vitès reyaksyon an nan tib pou tès yo. [2]

(1) _____

(2) _____

Baze repons ou pou kesyon 76 pou rive 78 sou enfòmasyon ki pi ba la a ak sou konesans ou nan syans.

Yon etidyan vide yon melanj lwil, sab, ak sèl nan yon resipyan ki gen dlo epi li koumanse brase yo. Lè etidyan an sispann brase, li wè sèl la disparèt, epi lwil la ap flote anlè likid la, epi sab la tonbe nan fon resipyan an.

76 Esplike poukisa lwil la flote lè etidyan an sispann brase. [1]

77 Esplike poukisa sèl la te disparèt lè etidyan an te sispann brase. [1]

78 Idantifye yon jan pou retire sab la nan melanj ki nan resipyan an. [1]

**For Teacher Use Only
Part II Credits**

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
46	1	
47	1	
48	1	
49	1	
50	3	
51	1	
52	1	
53	1	
54	2	
55	3	
56	1	
57	1	
58	1	
59	1	
60	1	
61	1	
62	1	
63	1	
64	1	
65	1	
66	2	
67	1	
68	1	
69	1	
70	1	
71	1	
72	1	
73	1	
74	1	
75	2	
76	1	
77	1	
78	1	
Total	40	